# ҚАРАР
(мәжбүрий емлеўге жибериў ҳаққында)

2022-жыл 16-июнь Нөкис қаласы

Жынаят ислери бойынша Нөкис қалалық судының баслығы Ш.Шамамбетовтың басшылығында, судья жәрдемшиси Г.Утепбергенованың хаткерлигинде, Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБ профилактика инспекторы М.Канглыбеков, пуқара Ж.Кулмуратов ҳәм оның ағасы Ж.Кулмуратовтың қатнасында, жынаят ислери бойынша Нөкис қалалық судының суд мәжилиси залында, ашық суд мәжилисинде, Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБ баслығы тәрепинен киритилген пуқара Кулмуратов Женисбай Жолдасбаевичтиң қарсысына мәжбүрий түрде алкоголизм кеселлигине қарсы емлениў ушын Республикалық наркологиялық диспансерине жибериўди сораған усынысын көрип шығып, төмендегилерди

аныҚлады:

Кулмуратов Женисбай Жолдасбаевич, 1997-жыл 09-май күни Нөкис қаласында туўылған, миллети қарақалпақ, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы орта, ўақтынша жумыссыз, бойдақ, алдын судланбаған, Нөкис қаласы О.Халмуратов көшеси 28-жайда жасайды.

Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБ баслығы тәрепинен киритилген усынысқа көре, пуқара Ж.Кулмуратов арза менен мүрәжат етип, иниси Ж.Кулмуратов турақлы түрде спиртли ишимликлерди ишиўшиликке берилип кеткени, уйықлай алмай шығатуғынлығы, оны алкоголизм кеселлигине қарсы мәжбурий түрде емлетип бериўде жәрдем көрсетиў соралғаны, Амбулатор суд-наркологиялық экспертизасының 2022-жыл 15-июнь күнги 166-санлы актине қарағанда пуқара Ж.Кулмуратов өтлескен алкогол кесел екенлиги ҳәм мәжбүрий түрде усы кеселликке қарсы мәжбүрий емлениў кереклиги көрсетилген.

Суд мәжилисинде пуқара Ж.Кулмуратов иниси Ж.Кулмуратов спиртли ишимлик ишиўшиликке берилип кеткенин, мәс ҳалында үйинде шаўқым қылатуғынын, сол себепли оның алдын алыў мақсетинде Республика наркология диспансеринде усы алкоголизм кеселлигине қарсы емлетип бериўде әмелий жәрдем көрсетиўди сорап Нөкис қалалық ИИО ЖМБ баслығының атына арза менен мүрәжат еткенин айтып, усы мәселеде жәрдем бериўди сорап көрсетпе берди.

Суд мәжилисинде пуқара Ж.Кулмуратов ҳақыйқатында өзи спиртли ишимлик ишиўшиликке берилип кеткенлигин, спиртли ишимлик ишиўди тоқтата алмағанын, ендиги жағында усы кеселликке қарсы емленип шығыўы керек екенин айтып көрсетпе берди.

Хужжат имзоланган: Шамамбетов Шарафат Досмамбетович, 16.06.2022

Амбулатор суд-наркологиялық экспертизасының 2022-жыл 15-июнь күнги 166-санлы актине қарағанда пуқара Ж.Кулмуратовтың өтлескен алкогол кесел екенлиги ҳәм мәжбүрий түрде усы кеселликке қарсы емлениў кереклиги көрсетилген.

Суд, ис материалларын ҳәр тәреплеме үйренип ҳәм изертлеп шығып, суд мәжилисинде Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБ профилактика аға инспекторы М.Канлыбеков, пуқара Ж.Кулмуратовтың сөзлерин еситип, Амбулатор суд-наркологиялық экспертизасының 2022-жыл 15-июнь күнги пуқара Ж.Кулмуратов өтлескен алкогол кесел екенлигин ҳәм усы кеселликке қарсы мәжбүрий түрде емлениў кереклиги ҳаққындағы 166-санлы актин итибарға алып, Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБ баслығы тәрепинен киритилген усынысты қанаатландырып, пуқара Ж.Кулмуратовты мәжбүрий түрде алкоголизм кеселлигине қарсы емлениўге жибериўди лазым тапты.

Усы жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Республикасының 2020-жыл 27-октябрь күнги «Наркологик кеселликлер профилактикасы ҳәм оларды емлеў ҳаққында» Нызамына тийкарланып, суд төмендегише

қарар етти:

1. Пуқара Кулмуратов Женисбай Жолдасбаевичти алкоголизм кеселлигине қарсы мәжбүрий түрде емлеў ушын Республика наркология диспансерине жибериўди сораған Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБ баслығы тәрепинен киритилген усынысы қанаатландырылсын.
2. Пуқара Кулмуратов Женисбай Жолдасбаевич Республика наркология диспансерине мәжбүрий түрде алкоголизм кеселлигине қарсы емлениўге жиберилсин.
3. Қарарды орынлаў Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 2-сан ИИБне жүклетилсин.

Қарарға наразы тәреп қарар көширмесин алған күннен баслап 72 саат мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына арыз етип излениўге, прокурор усы мүддет ишинде протест келтириўге ҳақлы.

Басшылық етиўши: Ш.Шамамбетов

Хужжат имзоланган: Шамамбетов Шарафат Досмамбетович, 16.06.2022